<b>N.I</b>	Engeh mok meneg tok niku, dados niku mek tirakat, gogok silo gogok mujur ngilen, terus majeng ngidul, salonge majeng ngetan, kaleh majeng ngiler,. Dadi madepe beda-beda. dados tiraket niku ngeh meng ngoten niku. Neng kebatinane landep banget, dados masyarakat enten masalah enten nopo-nopo ngoten mriko tanggung jawab. Wes iki pokoke, seng do tinggal keru kui aja ngasi di dusi, aja ngasi, aja nganti buntel... aja nganti di buntel, yho di buntel neg ojo ngasi diuculi sandagane nganti....(suara tidak jelas) ....(suara tidak jelas) . dados mangkeh wonten mriki niku pun persiapan, sak rupane seng damel griya niku pun dibar Angus sedanten .
<b>P</b>	Emm ngeh...ngeh...
<b>N.I</b>	Dados tiang niku ngeh pripun, jenenge wes mati ngeh kudune do dirawat nopo mestine, neg ngeh mboten nopo blas (dadek geni)? ngeh nopo-nopo mboten ngeh soale niku, corone ngoten niku menjalar, mengkeh rodok sakit enten...(suara tidak jelas) ngeh suloyo.dados niku kahanane ngeh ngoten niku
<b>P</b>	Dadi pas pertama seng tilar niku mboten ngeh, taseh di asudi ngoten? Sebelum tau kalo ini penyakit menular ngoten taseh di adusi taseh dikafani ngoten gean?
<b>N.I</b>	lha niku rak ngoten, seng pertama niku, lare ngen ngisor niku, trus nular teng konco dolan agek sekitare pinten ngeh enam tahunan
<b>P</b>	Ngeh..ngeh
<b>N.I</b>	....(suara tidak jelas) ngoten niku rak kanca dolan saben dina, ngeh mung dolan-dolan ngoten niku, ajeng sekolah gedung dereng wonten, pak guru ngeh dereng enten, terus tole niku rak nglangi enek kali, giliran terus konangan niku lhi lha niku rak nular, mrikuputrane tilar terus let semingu niku terus seng sepuh niku kaleh. Niku terus di laporne teng pak dokter, di...nek zaman riyen kirangan nopo kulo mboten ngertos, antarane jam setengah 10 niku dokter keng Semarang, keng Amerikapun dugi mriki. Mlampahe keng pundi, mboten ngertos, negh mandape wonten candi pecut, mboh Cepogo, kulo dereng mudeng, dugine mriki niku katah, mboten mung atusan kok. Mung pinten-pinten pun seragam petak sedanten, di brungkus sedanten, pokoke sak rupane masyarakat ken kumpul wonten mriku, terus di cawisi brangus sedanten, mangkeh setiap hari ketat ngoten niku, dadi makane niku, makanan kados

	ngoten niku empun di campur kaleh obat mbak. Makanan nopo niku wau, terus beras tekad, ngoten mawon, nopo negh kaleh bulhur niku, pun di urap kaleh obat sak keplek-sak keplek niku. dadaos lajeng do dadi arep do tumbas uyah negh mboten saget, tuku bumbu mboten saget, soale, kabeh podo di tutup, mriki di tutup di jogo, kaleh pak dokter, pak dokter niku ngeh niku...
<b>P</b>	Habis niku, kan habis satu bulan, sampun mboten wonten meleh?
<b>N.I</b>	Mboten...
<b>P</b>	Sak yak keten ngeh mboten wonten wabah meleh..?
<b>N.I</b>	Mboten...niku anu mabk, mriki niku ngeh naming ngoten niku, ngeh naming ngoten niku ngeh sak lebeta ngoten niku persiapan sedanten, lajeng sak niki, ngeh persiapan setiap bulan niku ngeh pengajian peng tigo, dados setiap bulan seloso pon , setu pon, jemuah wage ngoten niku. tata caren mageri awak, mageri deso supados sae kedah ken ngeten-ngeten ngoten ngeh kon nambahi ngeh mujahadah, ngeh nopo-nopo ngeten, terus sak niki Wedut niku, sak yah mene niku anu Pak Aji Sholiqin niku waune jaman riyen setiap taun niku wonten pengorbanan tiang gegunung mbak niku, mesti pendak tahun anek mager gunung....
<b>N.II</b>	Sak niki mboten wonten?
<b>N.I</b>	Sak niki mboten wonten...(suara tidak jelas) lakune paleng hebat niku wau dadi de'e kon ngaji ngoten, ngeh lekase jam 9, jam 12 jam 1 teko jam 2. Niku pendak dalu dados keseluruhan wonge ngaji teng mrika ngeh katah, seng teng Candi ngeh enten.
<b>N.II</b>	Ngantos sak niki ngeh?
<b>N.I</b>	Ngeh Ngantos semriki niku, ngeh pak sholikin niku waune dereng wonten yake
<b>N.II</b>	Ngeh
<b>N.I</b>	Dereng wonten, neg tandurane ngeh seng kulo ngarani ngeh kagem seng...(suara tidak jelas) waune niki setiap tahun niku, tiang gegunung niku ngeh setunggal kaleh, setunggal kaleh niku mesti tho mreng naglor teng Bulu niku majet?
<b>P</b>	Dadi setelah pageblung niku ngeh wonten pengajian
<b>N.I</b>	Ngak enek
<b>P</b>	Dereng wonten?
<b>N.I</b>	Mung niku ngertos-ngetos niku ngeh wong soyo rene niku, mriki niku, mung podo-podo arane, niku ana kahanan, podo sesoran, ngeki pengertian, niku ngeh keng sekedek-sekedek, soyo mengah-saya mengah sak niki saya ngertos, sak iki umpama tiang-tiang ngoten niku mbuh kok iku bojone ....(suara tidak jelas) leluhur, kabeh kei punden, ngen mriki niku, seng niku trus dadi... soale nek kange pagertosan kulo ngoten niku kados pengayomane kange wilayah mriki, ngoten niku, enten ngene mbah Gret? (nama masih di pertanyakan) ngoten.
<b>N.II</b>	Pundene sinten mbah?
<b>N.I</b>	Mriki?
<b>N.II</b>	Ngeh

<b>N.I</b>	Mbah ki Ageng Sumangi
<b>N.II</b>	Sapa Mbak?
<b>P</b>	Ki..Ageng..Sumangi..
<b>N.I</b>	Ki Ageng Sumangi ngeh, nek ....(suara tidak jelas) gede ngeh niku niku pendak wulan, pendak wulan niku di selameti karo wong sekitar mriki, ngeh dugi Selo mriko, ngeh dugi ke mawon, mesti rejep do dijagani, do gawe gunung, golekne tukang pasar, ngeh golekne golong mulut niku setiap bulan sesaji nek niku, di ngeh damel kenduren ngoten niku. ngeh ngoten niku ngene welas aseh kaleh masyarakat seng wonten mriki, dados nek enek bencana ngoten niku ter nopo ngeh sepinten pas, terus mriki ne pas sebtu niku rak mriku mregeder-mregeder, awune ngeh dugi Solo, ngeh dugi Kelaten neg mriki ngeh mboten wonten nopo-nopo. Jaman nika kerusakan ngeh muk pol-pole terang napa gendeng
<b>N.II</b>	Ohh wajar niku
<b>N.I</b>	Soale awune sak kandeke boto niku
<b>N.II</b>	8 centi tahun 2010
<b>N.I</b>	Ngeh

## Lampiran 03

Transkrip wawancara dengan:

**1. Narasumber I (N.I)**

Nama : Sadun  
 Umur : 85 tahun  
 Alamat : Dukuh Pentongan, Desa Samiran, Kecamatan Selo  
 Hari wawancara : Selasa, 30 Juni 2020

**2. Narasumber II (N.II)**

Nama : Salib  
 Umur : 54  
 Alamat : Dukuh Jarak, Kelurahan Samiran, Kecamatan Selo,  
 Kabupaten Boyolali

**3. Narasumber III (N.III)**

Nama : Teguh  
 Umur : 41  
 Alamat : Dukuh Pentongan, Desa Samiran, Kecamatan Selo

<b>P</b>	Namine sinten pak?
<b>N.I</b>	Kulo?
<b>P</b>	Ngeh
<b>N.I</b>	Sadun
<b>P</b>	Umuripun pak?
<b>N.I</b>	Umur?
<b>P</b>	Ngeh
<b>N.I</b>	82
<b>P</b>	Kedadean pes wonten mriki niku, kedadean pripun mbah? Kan wektu niku kan wonten wabah pest ho teng mriki.
<b>N.I</b>	Ngeh
<b>P</b>	Lha kolo riyen kedadeane pripun?
<b>N.I</b>	Nek mboten salah nagtospeng kaleh niku
<b>P</b>	Korbane sinten mawon niku?
<b>N.I</b>	Sing tilar?
<b>P</b>	Ngeh sing tilar
<b>N.I</b>	Sing tilar niku sing riyen pak Maryo, Pak Ahmad Samingan sekalian ibu, wonten pak Ali Warki, sing riyen, sing riyen niku. engakang kentunn ingkang tilar niku, koyo mbok, koyo mbok lanyah tok. Niku sing tilar naming setunggal. Niku tahun pinten kulo ngeh mboten mudeng ngeh mbak niku.
<b>P</b>	Kolo riyen jenegan tasih umur pinten pak, pas kedadean niku?
<b>N.I</b>	Kulo ngeh kirang langkung 26 tahun, koyone ngeh niku. nek sing kentun niku bongso 30-an th, soale kulo pun duwe anak niki. Nek sing riyen kulo nembe pinten ngeh kirang langkung, kirang langkung niku 21 tahun ngeh. kaleh ping kalih.
<b>P</b>	Lha niku niki di karangtina mboten pak?
<b>N.I</b>	Ngeh

<b>P</b>	Lha niku ceritane pripun pak?
<b>N.I</b>	Ngeh di barak enten mriko, nganu le mbarak niku, nek boten kentuniku, nek sing riyen, koyono niku, ngeh lali, sing riyen, nek sing keriniku, enten anu niku lhe enten Ngalampar. Di barak ngoten nek corojowone
<b>P</b>	Di ungsekne ngoten ngeh pak?
<b>N.I</b>	Di anu pookoke, di anu digriyo piyambak wonten ngriku, ngeh wonten le nenggo. Neg kulo ngeh, kulo barang ngeh nenggo. Solae sampun wointen Ngalampar niku punan.
<b>N.II</b>	niku wong zaman sakniki karangtina, tapi kalo zaman dulu di barak di Nglamper
<b>N.I</b>	Deso Nlencoh niku
<b>P</b>	Dadi seng di barak niku sing sakit tok nopo sak kampung di barak pak?
<b>N</b>	Mung sing sakit tok
<b>P</b>	Ohh sing sakit tok
<b>N</b>	Dados sewaktu-waktu wonten wong sing anu, sing tilar umpamane niku, ngeh pas niku nutuk kentongan ngoten, lajeng mengkeh di junjung. Neg alam sakmonten ngeh anu mboten kados sak niki, ngeh to. Sakniki kan pranti-pirantine konplet. Disik ngeh wonten nopo niku, alah sing damel tandu niku, nek mboten salah niku koyone karung
<b>P</b>	Karung? Sing nge nandu niku?
<b>N.II</b>	Karung goni..
<b>P</b>	Lha niku tiyang sing meninggal niku wonten tiyang ingkang khusus kange ngurus jenazah ngoten?
<b>N.I</b>	Maksute?
<b>N.II</b>	Di urusi sak kampung, napa khusus tiyang tertentu?
<b>N.I</b>	Oh sak kampung, sak kampung niku ngeh alam sakmonten, ngeh sing do mantep-mantepi tiyang Jowo niku ngeh. niku mboten wonten piranti nopo-nopo mboten wonten. Ngeh soale di rumat kados nganu kados biasa, ngeh.
<b>P</b>	Lha niku desane mboten di karangtina? Kan kulo kolo riyen wawancara wonten deso Bulu Kidul, nah niku desane di karangtina, dadose mboten saget keluar, nah kalo disini gimana?
<b>N.I</b>	Oh nek mriki tasih campur
<b>P</b>	Oh taseh campur, tasih saget nayambut damel ngoten taseh?
<b>N.I</b>	Ngeh tasih, mboten wonten karangtina nek teng mriki mboten wontwn. Tegese nok nek menowo wonten penyakit rak ngoten tho niku keluargane di karangtina, rak karepe sampean to? Niku mboten.
<b>P</b>	Mboten emmm
<b>N.I</b>	Bebas cukup sing sakit, nagging mriki lak waune sing anu taseh, priyayine taseh, seng waune sing di ungsekne teng...
<b>P</b>	Ohh teng barak niku
<b>N.I</b>	Ngeh teng nglamper niku ngeh
<b>P</b>	Niku taseh sugeng
<b>N.I</b>	Ngeh priyayine
<b>P</b>	Oh namine sinten pak?



<b>N.I</b>	Niku kaji Jami, bu kaji jami. Mestine umpame di takoni, noten mestine mboten kemutan, tasih rodo cilik. Mriki niku ndang dibalekne niku ndang mantuk. Trus sing langsung tilar niku Lanyah.
<b>P</b>	Namine Lanyah?
<b>N.I</b>	Lanyah... Jenenge Lanyah, loro karo ... lali aku sing siji. Sing gelombang kedua niki
<b>P</b>	Sing gelombang pertama ngeh mboten dikarangtina ngeh?
<b>N.I</b>	Mboten
<b>P</b>	Anu pak niku sing teng bara niku ditenggo dokter saking Indonesia tok nopo enten dokter Amerika. Nek teng Bulurejo niku wonten...enten dokter Amerika dugi mrirku ngobati,lha mriki enten mboten?
<b>N.I</b>	Koyone mboten, soale niku pas niku bu Kaji Jami niku di anu pondoke ting Ngalmper niku kulo mpun jogo enten mriko
<b>P</b>	ohh ngeh
<b>N.I</b>	dados umpami, dokter saking luar negri niku kudune kulo ngeh ngerti mung kulo ngeh.....(suara tdk jls) mung kulo niku jogo wonten ngene Pak Marto Martini sek niki, negh pak Tarmo niki lhop, mung sing jogo kulo ah niku sing nyadong Bolgur eh mbak
<b>P</b>	Di cadong nopo pak?
<b>N.I</b>	Bolgur
<b>N.II</b>	Beras ireng ndak bolgur tho mbah?
<b>N.I</b>	Beras ireng? Weh yho ora no mas. Mung anu og, bulgur niku koyo dedak kae to, koyo opo yho... ngko terus dikum. Bulgur ki ora enak, lha kulo rak mangan Bolgur niku, mlebune bulgur metune tasih utuh kok. Kulo ngeh mboten mangan nau rasane niku ngeh gureh mbak ning kok karo mlebune ki metune podu
<b>P</b>	Atos niku mbah?
<b>N.I</b>	Mboten ngeh rodok kasab ngoten to, dados di mamah ngoten ngeh kasab, koyo mangan dedak. Anu jagung niko.jagung kae dikum nagnti medokkae, trus di dang kei uyah. Lha yho zaman angel og yho.
<b>P</b>	Lha sing sakit-sakit niku teng mriko niku sing sakit dipripunke pak? Di rawat? Sing sakit niku diobati...
<b>N.I</b>	Ngeh mestine di obati, mung kulo ngeh mboten angsal teng ngen lokasine mboten...
<b>P</b>	Cuma njogo teng jobo?
<b>N.I</b>	Ngeh, dadose waktu wonten bahaya niku mung kantong mendet ngoten
<b>P</b>	Anu pak niku, sing tiyang-tiyang sing mboten keno, sing mboten, warga sing, mboten sakit niku, ngeh diberi vaksin, napo obat nopo?
<b>N.I</b>	Mboten
<b>P</b>	Mboten? Oh mboten
<b>N.I</b>	Neg sak bibare niku dipun semprot kaleh anu kalehan pemerintah, di seprot jenenge semprotan niku obate DDT
<b>P</b>	Disemprot sedanten
<b>N.I</b>	Ngeh sedanten niku. wah bagsane laler niku ngantos tahun-tahunan mboten...
<b>P</b>	Mboten enten
<b>N.I</b>	Mboten enten kok mbak, sami mati sedoyo. Bongso tikus niku resik.

	Ning nek alam semonten , jare miturut budayane niku saking tikus ngoten. Ceritane rak ngoten niku, neg ngeh nyatane umpama enek wong tani ki yho ra ngerti.
<b>P</b>	Kan pes niku asale emang saking tikus, nah niku pas sebelum wonten tiyang ingkang terjangkau niku katah tikus meninggal mboten?
<b>N.I</b>	Jare ngeh mboten wonten patiko katah niku mbak
<b>P</b>	neg tikuse ngeh katah?
<b>N.I</b>	Tikuse ngeh katah, mung sak bibare niku ngeh katah kok, niku waune rak mriki enten sing biasane enten sing jarring ngoten rak mriki niku rak taseh wonten sing jaring niku.
<b>P</b>	Niku wonten ritual sing diadakne kagem ngusir wabah niku mboten? Kaya misale tirakatan, nopo nopo gen mboten nulari tanggane ngoten niku wonten mboten pak kolo riyen.
<b>N.I</b>	Mboten, ning alam sakmonten nganu tiyang niku do prihatin, prihatine niku men sak kampung niku sami prihatin sedoyo.prihatine mong nopo tho ngeh mung melek wengi, kaleh dadek geni wonten mergi
<b>P</b>	Pripun pak?
<b>N.I</b>	Dadec geni teng mergi. Ngeh wonten sakjone coro kados ngendikane sampean niku ritual ngoten niku ning wonten... enten sing sami wonten jobo wonten ngen geni niku PK RW tanggung jawabe penuh... ngoten pendak jam 12 bengi niku wudoh blejete ngubengi kampung.
<b>N.II</b>	tolak bala
<b>N.I</b>	Ngubengi kampung niku pendak jam 12 bengi. Kui sing sergine Pak Karto Bapake pak Mukmin, sampean urung ngerti sajake
<b>P</b>	Selain niku mboten wonten pak?
<b>N.I</b>	Nun?
<b>P</b>	Selain ngubengi kampung ngoten niku nopo ngadakne tirakatan, doa doa ngoten?
<b>N.I</b>	Duko, mung zaman sak monten piyambak-piyambak ngoten niku sing anu ketok kasat mripat ngeh niku, sami prihtin lek-lekan
<b>P</b>	Ngeh
<b>N.I</b>	Nah wonten, dadec geni wonten dalam niku trus woten salah setunggal niku, salah setunggale mubeng neg kampung ngoten niku wayah mubeng niku, lha sing dadec geni semingir sedoyo. Lagek terus niku nyebar uyah angen anu nopo niku, enten ngen latu niku.
<b>P</b>	Latu niku nopo pak?
<b>N.I</b>	Geni
<b>P</b>	Dados nyebar uyah ngoten tho?
<b>N.I</b>	Di sebari uyah
<b>P</b>	Lha sing mubeng niku kale..
<b>P</b>	Niku sing tirakat?
<b>N.I</b>	Sing tirakat
<b>N.I</b>	Lha ngeh sing mubeng niku rak mbeto uyah enten ngen geni kepetuk geni niku ciprati uyah
<b>P</b>	Ohh ngoten, niku jam 12 sampai jam berapa pak?
<b>N.I</b>	Ngeh salong naganti subuh niko mbak, sampai subuh

<b>P</b>	Niku mbok gogok tok ngeoten? Mboten...
<b>N.I</b>	Alah mong dasarre zaman angel mbak, ngeh mung cukup gogok kaleh mung nge pemangih pripun mbak pripun kaleh, pemangih niku
<b>P</b>	Pemangih pripun pak niku?
<b>N.I</b>	Maksute niku coro ngobatine pripun napa saking agama pap saking jawa
<b>P</b>	Lha nek saking Jawa pripun pak niku?
<b>N.I</b>	Niku ngoten ngeh..
<b>N.II</b>	Mesti nyuwun keslametan
<b>N.I</b>	Njalok kesalmetan niku, sing penting mung niku bar tilar niku kok njut gampangane niku mrentek mrentek niku njur lorone niku rampung
<b>P</b>	Dadi mboten nular ngeh?
<b>N.I</b>	Mboten.. ngeh mestine saking pemerintah ngeh...niku nular ngoten neg ternyata saking mantepe masyarakat le temenne mboten saged (ningulke? <i>Suara tdk jls</i> ) liyan liyane niku ke mong jogo kemantepane piyambak-piyambak nek ngendikane pemerintah rak memang menular, napa niku rak anu niku awake panas, lha niku nek panas awake pateng greregs menika, mriki...
<b>P</b>	Enten benjolan?
<b>N.I</b>	Ngeh, enek benjolane mringkil-mringkel ngoten
<b>P</b>	Warnane pripun niku?
<b>N.I</b>	Nun?
<b>P</b>	Warnane napo? Benjolane niku lho?
<b>N.I</b>	Benjolane ngeh nung nyumut mriki niki ngen niki leh njero benjolan teng mriki niki
<b>P</b>	Berarti mengkeh, nek panas langsung dibeto teng bara ngoten ngeh?
<b>N.I</b>	Ngeh niku nganu mbak, yho alam salmonten, mestine sok pados informasi teng ngene pak RW? RT niku ngoten sing panas sinten, trus nek ketokmenghawatirkan di barak ngoten
<b>N.I</b>	Seng mbeto ngeh masyarakat,lha ngeh niku entek-entekne niku le nganu ... <i>suara tdk jls</i> nek wong tani nek ngenten rak urusan maslaah obat ngoten rak mboten negrti mbak. Alam sakmonten, lha niku sak liyane nganu pasrah karo sing ngecat Lombok ngeh ngoten niku waune
<b>P</b>	Pasrah kalih?
<b>N.I</b>	Sing kuasa...
<b>P</b>	Oh kalih sing kuaso, ngeh ngeh...
<b>N.I</b>	Lha niku rak entek-enteke rak sing ngajeng niku rak do prihatin di nganu lek-lekan, dadek geni do dalan. Lha mriki niku riyen sedereke €Kuncen lewat mboten wani
<b>P</b>	Sederek kuncen
<b>N.II</b>	Kuncen niku tonngo sebelah
<b>P</b>	Ohh daerah?
<b>N.I</b>	Ora wani lewat, nek muleh ko pasar ki metu kidul...
<b>P</b>	Goro-goro wonten pes niku?
<b>N.I</b>	Lha kados jarene nular-nular kui, jare nyo ra popo, wong liwat yho ora

	gene-gene.
<b>N.II</b>	Lha kados wedal niki lho mbak, rak gok meden medeni tho mbak
<b>N.III</b>	yho podo Corona iki
<b>N.II</b>	Neg dampake luweh gede
<b>N.I</b>	Sing marakne kui anu mas..
<b>N.II</b>	Wes enek HP ki lho
<b>N.I</b>	Wes enek TV enek njut di siarne lewat pemerintahan, nek disik rak mboten, nek disiarné karo pemerintah niku kan masyarakat do tengang sedanten...
<b>P</b>	Emm, nganu pak kondisi lingkungan pas niku omahe teng mriki taseh gedek nopo sampun...
<b>N.I</b>	Ngeh gedek
<b>P</b>	Ohh taseh gedek sedanten
<b>N.I</b>	Ah ngono rak dereng wonten sing sami koyo jrambah-jrambah jogan niku dereng wonten
<b>P</b>	Trus pas wonten pes niku kaleh pemerintah suruh naganti dadai boto nopo tetep mawon?
<b>N.I</b>	Nek masalah omah mboten wonten
<b>P</b>	Mboten wonten
<b>N.I</b>	Nganu soko pemerintah niku nganu negasake kudu ngo boto nopo pie mboten wonten. Lha kajobo sakniki, trus wonten pemugaran rumah niki. Riyen mboten wonten neg niku ling banyak dingendikani pemerintah lha niku sing anganu niku jogannya niku dereng di lepo, lha karepe zaman mbiyen jare sing gawe amben ki sing duwu, nek ngresik-ngresiki ngisor ki isoh. Njut sing anu sing dikuatirke rak masalah reged mb niku. sami le do resik-resik sing do mepeng, nek ketegasane sangka pemerintah des arak ngoten. Mung nek mriki niku rutin pendak selapanan dino mesti kerja bakti, lha niku teko mriki saking etan kerja bakti pendak dino Senin paing niku mesti dandandandan dalan, diresiki niku ngantos seprene niku.... wonten bantuan saking pemerintah niku tiap dinten Senin Paing niku kerja bakti resik-resik sedoyo
<b>P</b>	Niku Senin kat kolo wingi?
<b>N.I</b>	Kolo mben, kolo riyen kejadiane
<b>P</b>	Niku kok Senin Paing nopo pak? Nopo ngeh koko milih dinten Senin Paing sing di ngo resik-resik niku gen nopo, nopo ngeh y owes milih dinten Senin Pahinh tok?
<b>N.I</b>	Niku kebejane meng ngawur ngoten. Mong niku waune ngoten mong niku waune do guneman priyayi Ngabrik-Ngabrik Njarakan Niku desane ki ombo gek kok nek podo nek resik, kok resik kabeh niku kok meskipun mulo nganu do kompak. Lha negh dugi ler dugi mriki, niki kan lima banjar.
<b>P</b>	Lha niku pak sing sakit niku selain nyuwun obat saking pemerintah nopo ngeh nyuwun obat saking kyai nopo dukun ngoten niku podo nyuwun mboten
<b>N.I</b>	Oh nek niku ngeh sing teng dukun ngeh wonten
<b>P</b>	Niku diparingi nopo pak wopnten teng dukun?

<b>N.I</b>	Alah gok di sirep ngoten
<b>P</b>	Disirep?
<b>N.I</b>	Di montro, di kepus
<b>N.III</b>	Ngono wae mandi og (hehe)
<b>N.I</b>	Ohh mandi, zaman biyen og
<b>P</b>	Niku dipripunke tho pak? Disirep niku?
<b>N.I</b>	Didongani coro Jawa trus dikepus ngono
<b>P</b>	Di fuhh ngoten
<b>N.I</b>	Di Suwuk
<b>P</b>	Ohh di suwuk
<b>N.I</b>	Yho karepe sampean sing ngarani nopo, nek mriki ngarani di Sirep
<b>P</b>	Nek karo kyai mboten ngeh?
<b>N.I</b>	Mboten, jaman pes niku dereng wonten kyai, negh wonten, setunggal kaleh ngoten, neg mboten membudaya ngoten
<b>N.III</b>	Kene ki nek ora pegawai KUA ora di celok kyai, lha Zaman biyen
<b>N.I</b>	Lha bedo karo sakniki mbak. Nek zaman alam sakmono niku sitok pun mbonten wonten e mb
<b>P</b>	Nek jenazah sing tilar pas pes niku ngeh di pakpungi di kafani ngeten ge an pak?
<b>N.I</b>	Ngeh ngeh di nopo niku di sholat-ne, kados nganu, kados sing mboten di presakne. Nek pas pes niku kan nek mboten salah niku mung ambal-ambalan nmbak disik niku nek saking daerah Solo mrikongoten ngeh tahun pinten ngoten wong kulo niku tasih gogokan kaleh niku lo juragan batik niku. niku nganu mbak niku nek nembe gejala ngoten niku sok dipopok I ngangi sarem
<b>P</b>	Sarem?
<b>N.I</b>	Uyah niku lhe, uyah kaleh gamping, lha biku bisa nyudakne panas to niku tho
<b>P</b>	Niku sing marai tiyang sepuh mriki nopo dokter-dokter ngoten
<b>N.I</b>	Ohh tiyang sepuh mriki, Jowo nganu Injet niko didekeki toyo sekedik kaleh uyah truss i oles-olesne tiyang ngen sing benjol niku. yho nek wong okeh ki sok de penemu yho sok di oles-olesi ngo dong dadang serep, nik wong jowoki ...
<b>P</b>	Dados barteng opo, bar wabah sing sakiki niku sampai sak niki mboten wonten meleh
<b>N.I</b>	Mboten, sing kentun ngeh Bu Kaji Jami niku sing kenten, neh nek rumiyen niku mestine katah mbak, Zaman kulo sereng lahir. Soale barakan niku kan ngen Pungruk ngen ngen mbah Ki Ajar niku kan mubeng, sak mubeng niku waune enten bandungan sementen niki, sak mubeng ngene ngene pungkasane mbah Ki Anjar niki sak mubeng ngoten ngen pungkasane niku enten bekas baturan maune nge barakanne ngoten, neg ngeh duko ngeh nopo nge penyakit niku, nopo luweh gawat rak mbiyen nek pes kaleh colera. Neg mbiyen neg colera niku pripun kulo ngeh mboten mudeng ngeh, neg ngendiakne nek pes kaleh koleraniku waune niku mbpun enten sing di barak enten sak ler sarean. Yho Zaman biyen yho wes neg wong masyarakat ki mangane ki wes wanton ming, wanton pangan ki isen-isen weteng, kok ngene

	<p>sing kudu mangan sing bergizi pie tho ki. A...biyen ki sing gawe wareng-wareng weteng niku mboten wonten Zaman dereng majeng lha ngeh niku pesmenjalar wonten niku rak nembe angel-angele mbak. Ngeh ekonomi nembe angel-angele mbak</p>
<b>P</b>	Niku pas pak Harto negh pak?
<b>N.I</b>	Oh dereng, dereng pak Harto taseh pak Sukarno, ngeh. walah pak Sukarno niku rak sing rekosoni to niku. nek Pak Harto yho jane le injoh mangan sak wene pak Harto kui nge rak yho neg kan wes bedo alam. Alame wes bedo meneh. Alase ki coro gampange wis dibabatne.
<b>P</b>	Bar pes niku, wonten niki ngak ritual tetep di neg mageri deso gen mboten wonten sing kedadean pes ngoten meleh enten mboten koyo mujahadah nopo doa-doa gen
<b>N.III</b>	Pagar deso ngono wonten pagar deso naluri sampai sekarang
<b>P</b>	Niku nopo wae pak, anu ne sing dilakokne nge mageri desa niku dilakokne nopo?
<b>N.III</b>	Niku campur-campur niku ngeh seng duwe aliran keagamaan ngeh teseh, sing seke Islam ngeh teseh
<b>P</b>	Yen sing islam Pripun?
<b>N.III</b>	Islam niku beras kuning, ko be opo kacang ijo niku campur uyah
<b>P</b>	Trus habis itu di doani?
<b>N.III</b>	Ngeh di doani trus di sauri
<b>N.I</b>	Diwacakne ayat kursi
<b>N.III</b>	Nek sing Jowo niku pirantine rasoh bentukne mung angel og ngoten. Neg ngeh Jowo niku pirantine angel. Dadi ki ngawene tiyang sepuh sing saget niku, dados maung ken ohh iki piranti dokokno kono-kono-kono.
<b>P</b>	Ohh ngoten ngeh ngeh ngeh...itu dilakukan tiap bulan sekali napa setahun sekali?
<b>N.III</b>	Setahun sekali
<b>P</b>	Bulan?
<b>N.III</b>	Nek ra Sura Sapar
<b>P</b>	Niki le dongakne sinten pak? Nopo di khususne tiyang setunggal tok nopo, setiap desa, setiap orang itu boleh doain yang kacang ijo sama uyah itu lho?
<b>N.III</b>	Setiap orang bisa
<b>P</b>	Tinggal disebar dirumah-rumah ngoten?
<b>N.III</b>	Anu niku mboten, niku metiki piyantun, mbuh wong sewelas apa wong songo mubeng deso
<b>P</b>	Malem-malem gitu pak?
<b>N.III</b>	Malem, tiap malem sampai selesai
<b>N.I</b>	Mulo nek mriki taseh mbudayo niku, teseh wonten ngeten niku mboh wonten kahanan, lha wong enek ngene-ngene-ngene ora ono kok. Dadi niku njut do umumme niku do ngetokne penemune pripun ngoten. Lha niku isoh di ulangi lagi niku mbak. Soale wong Jawa ki angel di tebak
<b>N.III</b>	Arep ninggalne Jawane ki tetep urung isoh, wes naluri
<b>N.I</b>	Anu nek Suroteleng waune di barak?

<b>P</b>	Nek nek dibarak ketoke bapake mriko mboten. Mboten dibarak, tapi desane niku dikarangtina, dadi desane niku mboten saget...
<b>N.II</b>	Mboten saget metu-metu
<b>N.I</b>	Oh nek mriki bebas niku mbak, soale kulo niku ngeh nek pas enten tiang pejah ngoten niku yho rumat kados sing mboten kengen penyakit. Lha niku sing mboten sakit ngeh patute ngaret ngeh ngaret, ngeh teng peken teng peken, ngeh teng pundi ngoten bebas
<b>P</b>	Nek teng mriki sing kejadian niku satu keluarga kenek sedanten nopo njalar tangga-tangga ngoten?
<b>N.I</b>	Mung nge anu tok niku ngeh sing niku wau sing
<b>P</b>	Sing kenek tok?
<b>N.I</b>	Ngeh sing kenek tok
<b>P</b>	Dados masyarakat niku ngeh mboten angsal bantuan pas masa-masa di barak niku mboten wonten bantuan saking pemerintah, nopo makanan nopo....
<b>N.I</b>	Teng kampung?
<b>P</b>	Ngeh
<b>N.I</b>	Blas mboten wonten
<b>P</b>	Nek teng mrika turine di kasih anu beras bulgur, dikasih gereh barang...sing enten...
<b>N.I</b>	Di Bulu?
<b>P</b>	Ngeh wonten Bulu
<b>N.I</b>	Ohh lha niku sing di, nek mestine sing kinging disukani bulgur niku mabk, mestine lho ngeh soale kulo niku ngepasi sing jogo teng ngajeng pos niku, kulo ngeh si sukani, mestine niku disukani ning kulo, disukani niku mboten ngertos.
<b>P</b>	Anu pak wonten keyakinan mboten nek wabah pes niku mboten penyakit tapi apa namane...jalaran wonten apa..apa yho amu..(melihat catatan) anu jalaran sing mboten ketok, nopo guna-guna nopo-nopo?
<b>N.I</b>	Mboten
<b>P</b>	Dadi penyakit ngoten?
<b>N.I</b>	Cuma penyakit niku neg anu dengan syarat niku ngendikane saking pemerintah, masyarakat saking masalah tikus. Lha niko waune nek enek tikus pejah niku kapilih di bakar ngoten. Lha nek do ngerti obat niku jane ....(tdk jelas), gek mentas di obati niku dereng ngerti ngerti sak niki. La mong kesandung ngono ye nek perlu di buntel lamat, nek keparang niku mboten kulo obati namik kulo pendetne lamat.
<b>P</b>	Ngeh kulo ngeh ngoten pas cilikane. Lha nek masuk angin ngoten niku di obati nopo mbah kolo riyen?
<b>N.I</b>	Riyen?
<b>P</b>	Ngeh misal masuk angina nopo-nopo?
<b>N.I</b>	Masuk angin niku umpomo mumet golekne sawi pait niko di uyek ngoten niki (sambil memperagakan menghaluskan sawi dengan kedua telapak tangan) di templokne ngoten niki
<b>P</b>	Nek misal sakit parah pak nopo negh anu...?
<b>N.I</b>	Nek sakit parah, liyane di kepusne nyang dukun nopo pripun. Entek-enteke niku jare ko ngon tikus dang anu di semprot, bar pes di semprot

	ngo obar DTT Omah koyo di labor kae kok.
<b>P</b>	Di semprot koyo DB niko mbah?
<b>N.I</b>	Nun?
<b>P</b>	Misal di semprot koyo neg,anu beto koyo obat ngo nyemprot DB penyakit nopo Demam berdarah
<b>N.I</b>	Ngeh kouo suplayer, mong suplayere niku rak Zaman pes niku gambare niku, suplayere kulo taseh duwe kok
<b>P</b>	Niku teseh mbah anu
<b>N.I</b>	Suplayere teseh gadah
<b>P</b>	Wonten teng mriki?
<b>N.I</b>	Enten
<b>P</b>	Kulo nyuwun fotone mbah



## Lampiran 04

Transkrip wawancara dengan:

**1. Narasumber I (N.I), Sebagai Sumber Primer**

Nama : Harjo Salim  
 Umur : 70 tahun  
 Alamat : Dukuh Pentongan, Kelurahan Samiran, Kecamatan Selo  
 Hari wawancara : Selasa, 30 Juni 2020

**2. Narasumber II (N.II), Sebagai Sumber Sekunder.**

Nama : Teguh  
 Umur : 41 tahun  
 Alamat : Dukuh Pentongan, Kelurahan Samiran, Kecamatan Selo  
 Hari wawancara : Selasa, 30 Juni 2020

<b>N.I</b>	Dianggap penyakit ganas ngono, lha kedadeane ngek biyen enten musibah 3 orang yang terjadi mati. Satu lanyah, dua mbok Ginem, tiga Suginah. Trus nek mbok Jami ki di Barak. neg niku asale pripun, dos pundi do mboten ...lha ceritane pak dokter, pak mantri niku lha niku bibite sangking gejala tikus. Dadi sing di serang daerah niki ler etan pojok, ler wetan niko. Namung ngeh cekap tiyang griyo menika.
<b>P</b>	Tiyang griyo niku ngeh nular teng anak-anake?
<b>N.I</b>	Mboten satu kali, satu kali, satu kali kena 3
<b>P</b>	3 orang?
<b>N.I</b>	3 rumah
<b>P</b>	3 rumah niku berarti Lanyah, Ginah, kaleh Ginem niku satu rumah pak?
<b>N.I</b>	Tiga, tiga rumah. Tapi begini (tangan mempraktekan bahwa rumahnya sejajar)
<b>P</b>	Niki langsung tilar pak sing tigo niki?
<b>N.I</b>	Mboten, dangu dangu niku. pak pak londo niku teng mriki seminggu ping telu og. Setiap ... pak pak dokter londo ngoten kulo mboten mboten
<b>P</b>	Ooh berarti niku wonten dokter luar pak?
<b>N.I</b>	Enten, langsung ditangani songko Boyolali
<b>P</b>	Oh ngoten
<b>N.I</b>	Ngeh, neg nek mboten kados taune pinten kulo ngeh mboten kemut.
<b>P</b>	Kolo riyen jenengan kinten-kinten umur pinten ngah pak?
<b>N.I</b>	Wah kulo ngeh sampun dados RW kulo
<b>P</b>	Ohh sampun dados RW, berarti... eh asmime sinten pak?
<b>N.I</b>	Harjo Salim
<b>P</b>	Harjo sil...?
<b>N.I</b>	Silam, kurang luwih ki, kurang luweh 68. Kurang luweh lho
<b>P</b>	Niki njenengan umur pinten pak?
<b>N.I</b>	Sak niki pun 70
<b>P</b>	Lha niki sing pas ken apes niku kan mbok Lanyah, Mbok Ginem, kaleh Ginah niki ngeh langsung di beto teng Bara niku?
<b>N.I</b>	Barak, di barakne
<b>P</b>	Niku ngrawate pripun pak sing di barak niku?
<b>N.I</b>	Wahhh, nek kirangan ngeh keng anu keng kesehatan biyen rak mboten

	wonten puskesmas. Tim kesehatan, lajeng nek, kulo niku mboten semerep langsung ken Barakne niku kan enten pos penjaga niku kulo tebih kaleh kados nipun 2,5 kilo... jagane ngeh...negeh Pak Kohmadi?(suara tidak jelas) di Barake lak ngon kulon ngon ngarepe Haryono Sak iki ngon kulon DKK kae lho...
<b>N.II</b>	Ngeh ngoten niku nak coro pengobatane mboten ngerti
<b>N.I</b>	Mboten ngerti, oh nek naliko sak monten dereng wonten tiyang sakit dateng griyo sakit Boyolali, niko dereng wonten
<b>P</b>	Lha niku sing sakit, di laporne RT, RT lapor RW, RW teng kelurahan nopo priipun pak?
<b>N.I</b>	Teng kesehatan, langsung kesehatan sing nagani kesehatan, puskesmas mek lagi enggal-enggal niki, nek riyen ngeh kesehatan ngoten. Kesehatan teng kecamatan, la riyen rak sing nangani teng kampung-kampung rak pak Dados niku.
<b>P</b>	Lha niku pas di kedadean niku dikarangnita mboten?
<b>N.I</b>	Langsung di Barak, lha terus jarak, pokoke sak kampung mriki langsung di semprot, kados kapur niko niku. mbot..mboten toyo lho niku, kapur kados kapur niko langsung di paring nopo ngeh masker ngoten
<b>P</b>	Lha niki pak, kan wonten kedadean wabah pes niku, lha kinten-kinten enten mboten sing beranggapapan nek penyakit pes niki mboten penyakit, tapi guna-guna nopo-nopo ngoten, enten sing beranggepan ngeoten niku mboten?
<b>N.I</b>	Mboten, ngeh mung cerita-cerita Pak Mantri. Lha niku penyakit bahaya mong ngoten, njut terus di Barak. nek dibarak ora nular ngoten
<b>P</b>	Lha niku pas wonten sing sakit niku, warga masyarakat niku podo panic mboten pak?
<b>N.I</b>	Mboten, sami-sami kumpul-kumpul niko kok, ten mriku (menunjuk) jalan depan rumah
<b>P</b>	Lha niku wonten anu mboten pak, ritual kagem ngusir wabah gen mboten nular tango liyane nopo tirakat ngoten?
<b>N.I</b>	Dereng wonten, dereng wonten, ngeh mek kesadaran masyarakat wonten dalu-dalu ngeh mung tirakat, dadek geni enten dalan mriko ngoten. Jaman sak niki rak wujud podo, neg jenenge bedo-bedo ngoten. Jaman biyen dikarantina nek sak iki dipie sak iki karantina, biyen di barak lak ngoten. Semene neg ngomah nek gak patang dino po piro neg nek sak iki dikarantina. Lha kan namine pun pyambak-piyambak neng ngek biyen mboten wonten karantina mboten wonten
<b>P</b>	Sing sakit di barak ngoten ngeh?
<b>N.I</b>	Mong sing sakit dibarak. Mong kulo ngeh mbendeng-deng mbak yu kulo ngeh di barak wonten mriko, neg njalok pengen sing jemput niku adine niku, njaluk kayu Gareng karo kon njanganke dong jeman, neg kulo ngeh ngeterne mriko, ngel mboten ketularan niku.
<b>P</b>	Ohh, ngoten anu ngeh di angsalne kaleh petugase priko ngeh?
<b>N.I</b>	Ngeh angsal, mong di tandu di bobong, di gantung jaman biyen. ha yo di tandu beto kursi niko lho mbak, koyo ngoten niki lho (menunjukkan kursi yang ia duduki) ngeh ngeh niku terus di kei pring
<b>P</b>	Dadi sing sakit niku langsung di tandu niku, di beto teng barak ngoten?

<b>N.I</b>	Di barak, nek jaman sakniki rak di karangtina, sak inget kulo niku nek barakan niku peng kaleh
<b>P</b>	Ping kaleh?
<b>N.I</b>	Riyen HU
<b>P</b>	Riyen...?
<b>N.I</b>	HU, HU niku karena kurang makanan, gizi buruk niku lhe. Rata-rata sing kurang makan kui aboh-abaoh niku, nek mboten kurus aboh ngoten. HU niku Harnaudin, HR kurang mangan ngone udin ngoten. Biyen biyen ngoten niku namine.
<b>P</b>	Terus sing kedua pes niku sing di barak, lha niku sing di barak kinten-kinten di paring maen nopo?
<b>N.I</b>	Maeme niku, mboten wonten beras. Maeme beras tekad, kaleh bolgur. Teked niku kan beras, beras tekad nek jenengan dereng pirso, beras tekad niku rak beras buatan. Tekad niku nek ra salah dari telko dan kacang ketela dan kacang, namanya tekad.
<b>P</b>	Niku sing di barak niku teng mriko berapa hari pak?
<b>N.I</b>	Nek mriki niku mek Jami niku, ngeh ngatos, ngatos sembuh. Nek sing sing anu begitu enten sing pejah di barak ngoten. Lha sing tigo niku rak langsung kenek, pejah wonten griyo, nek jangka waktune kok rong dino terus telung dino terus mati mboten. Ngeh sing pak Londo niko lho, seminggu ping telu rak mriki, mbak.
<b>P</b>	Ngobati niku?
<b>N.I</b>	Ngeh, rak sing jenege jami kaji niku rak sak yahmene jek urep, ijek urep kok sak niki. Karo Suji mbakyune Sujud Irian Jaya
<b>N.II</b>	Niku ngeh pes?
<b>N.I</b>	Ngeh kui ora-ora sak angkatan ngono lho, neg sak-sak pes kaleh suji, nek kui korban
<b>P</b>	Sinten kaleh sinten pak?
<b>N.I</b>	Suji
<b>P</b>	Neg niki mboten langsung sareng niku mboten ngeh pak?
<b>N.I</b>	Mboten jangkane ngeh...
<b>N.II</b>	Bertahap-tahap pripun ngeh
<b>N.I</b>	Naming ngeh sak ngeten ngeh, misale koran ngeh sak periode namuang bertahap-tahap ganti akhir bulan, akhir bulan ganti ngoten. Neg ngeh mboten nganti tahunan
<b>P</b>	Neng korbane ngeh mboten katah ngeh, ngeh mong empat niku ngeh
<b>N.I</b>	Mung sekawan niku
<b>P</b>	Niku anu pak, enten mboten masyarakat sing gen mboten ketularan niku nyuwun tulung teng dukun, doa nopo kyai niku, kinten-kinten wonten mboten?
<b>N.I</b>	Wahhh
<b>P</b>	Nopo gen sembuh, nanti minta sama dukun?
<b>N.I</b>	Mboten, gandeng niku penyakit sing membahayakan, menular niku mboten matuk di coro batin, di podone pak pentah
<b>P</b>	Pak pentah?
<b>N.I</b>	Pak pemerintah kui lho, lha do wonten nopo opo semprot, nopo ten

	tertulare sopo niko ngeh, pun silahkan silahkan pak pemerintah
<b>P</b>	Dadi masyarakat ngeh mboten wonten prihaten di engo de dongan
<b>N.I</b>	Ngeh sing sepuh sepuh ngeh wonten, nek kulo men dereng
<b>P</b>	Dongo nipun pripun pak?
<b>N.I</b>	Yo mesti pados dukun, tolak balak, deso niku dipageri dos pundi ngeoten lho
<b>P</b>	Di pagerine?
<b>N.I</b>	Tolak balak ngange gelmu
<b>N.II</b>	Coro di ubengi desane
<b>N.I</b>	Di elmuni
<b>P</b>	Niku pak, griyone kolo riyen nopo taseh gedek?
<b>N.I</b>	Wah sedoyo gedek
<b>P</b>	Lha misale kan kan gedek kan marakne banyak tikus tho pak niku, lah niku saking pemerintah di ken bangunn...
<b>N.I</b>	Lha niku sak bare disemprot niku, lajeng dipun paring, disambuti jolo. jolo tikus niku lhe, jolo tikus niku tiap hari-tiap tiap pagi di pasang tiap pagi di ambil. Nek kulo kan kemuten ngoten niku, nek ceritane, tahune barang ki yho kiro-kiro ngoten lho, cah cilik ki..
<b>N.II</b>	Nek sak niki tahun niki jek di golek I, ngo skripsi
<b>P</b>	he'em la ngeh, ngeh niki kan jurusan sejarah, dadine pengen nulis niki ngoten
<b>N.II</b>	Ngeh, niki tetep berapa puluh tahun ngono kejadian korona kui sukmben yho enek sing nulis
<b>N.I</b>	Yho nek iki enek tahune di esoh di kandane, lha nek mbiyen rak, mbok kira-kira emut eketan lho. Kulo niku umure tahun pinten, laire sasi piro ngoten mboten...(suara tdk jelas), jaman akte struk niku ngeh pinten dinten tho ngeh, ngeh pas kedadean niku, mbiyen rak lare akte struk jambon-jambon niko
<b>N.II</b>	Sak niki rak akte, nek mbiyen ki struk
<b>N.I</b>	Struke koyo karcis-karcis kae
<b>P</b>	Mageri desa niku coro-corone nek sak niki pripun pak, gen mboten, masyarakat niki mboten kenek wabah meleh, coro-corone mageri desa wonten mriki pripun?
<b>N.I</b>	Corone ngeh pados dukun niku lho, enten sing kon ngolek pitek betek mulus, dipendem pager papat,
<b>P</b>	Pager..?
<b>N.I</b>	Pojok-pojokan desa, wonten pitek tolak, kagem nolek penyakit ngoten kangeh, nek dukun meniko ngeh sampun kadose ngoten ngeteniko.
<b>P</b>	Lha sak niki kan agama islam sampun masuk, nah kinten-kinten enten campuran agama islam mboten, dinge mageri desa niku?
<b>N.I</b>	Wahh, sa..sa..saget
<b>P</b>	Ditambahi nopo pak niku pak, cara Islam?
<b>N.I</b>	Asmaul husna, fatekah, mong riyen niku anu kok, senajan siro niku agama islam, niku ngeh sama sekali mboten ngerti Islam niku karepe nopo, salat yho ra tau, pengajian ra tau. Sanes sak niki kan, mbok sak ipit sak ipit nak ngeh do ngerti, tekok konco, ngerti karepe ngoten rak saged.

	Nek riyen niku, kulo niku rak mok urep nyambut gawe ngoten mawon, estu ngoten niku. neg ngeh jaman durung maju niku ngeten niku. ngeh nek basane ngubengi deso niku kange kulo, tirakat niku ngeh jane sepele naming ngeh abot. Sekawan doso dalu.
<b>P</b>	Sekawan doso dalu, tirakate niku?
<b>N.I</b>	Ngeh, tur mubeng deso niku sewing peng tigo. Jam enem, jam bar magrib. Setengah siji, jam papat.
<b>P</b>	Niku pas kedadean niku pak?
<b>N.I</b>	Biasane ngubengi deso ngoten niku.
<b>P</b>	Niku pas bulan nopo pak magerine?
<b>N.I</b>	Nek ngen kulo ngen Suro, pendak bulan muharam. Neg gandeng sak niki RW ne anyar-anyar niku mboten ngoten niku.
<b>P</b>	Dadi sing tanggung jawab mageri deso ngoten niku ngeh RW ngoten ngeh?
<b>N.II</b>	Nek riyen RW, dadine sesepuhe dukuh ngoten lho
<b>N.I</b>	Neg ngeh mek kulo dewe niku, nopo kaleh wardi niku nek, Pak Sarso ngeh mboten, sak niki pun sepuh. Sak sak niki ngeh mbangakne Islame. Ngoten niku. nek kulo niku timbang ngubengi deso, timbang kudu golek dukun, kolo kulo prihatin dewe nek kulo ngoten. Kan umpami wonten kahanan, pripun toh pripun, coro wonten perubahan alam niku kan, naliko tilem niku kan de gambaran. Neg ngeh niku nek nawaitu ngeh tenanan ngoten le

## Lampiran 05

Transkrip wawancara dengan:

**1. Narasumber 1 (N.1)**

Status : Sumber sekunder (anak dari Bapak Darso yang pernah mendegar cerita dari bapaknya terkait wabah pes di Dukuh Pedut)  
 Nama : Hari  
 Umur : 46 tahun  
 Alamat : Dukuh Pedut RT 20, Desa Wonodoyo, Kecamatan Cepogo  
 Hari wawancara : Minggu, 06 Desember 2020

**2. Narasumber 2 (N.2)**

Status : Sumber primer  
 Nama : Darso  
 Umur : ± 80 tahun lebih  
 Alamat : Dukuh Pedut RT 20, Desa Wonodoyo, Kecamatan Cepogo  
 Hari wawancara : Minggu, 06 Desember 2020

<b>P</b>	Niki kulo saking mahasiswi IAIN Surakarta, bade nyuwun pangertosan babakan bagebluk pes wonten dukuh mriki pak? Kinten-kinten cerita nipun kolo riyen pripun ngeh pak?
<b>N.1</b>	Niku wonten pirang dinten nganu kok mbak, wonten tiyang mati kok. Waune niku telu likur dinten niku ada orang 20 orang yang meninggal. Itu karena ketularan itu, ketularan penyakit pes itu. Jadi kalo ada orang yang menjeguk, itu kemungkinan pulang ya ada yang ketularan langsung meninggal gitu ceritanya begitu. Tapi kelanjutannya aku ngak tau, itu ya. Iya nanti kalo bapak sudah pulang ngeh saget anu, saget nopo ngeh ngasih informasi sing tepat ngoten. Nopo kulo susule riyen?
<b>P</b>	Mboten, sak niku ne mawon mboten sah kesusu
<b>N.1</b>	Ohh, ngeh ngoten ngeh-ngeh, niki ibu ngeh nembe pados gawan teng jurang
<b>P</b>	Gawan nopo pak?
<b>N.1</b>	Gawan gawan senil
<b>P</b>	Senil sayur niku
<b>N.1</b>	Ngeh, ngeh sayur ngeh ngeh
<b>P</b>	Niki lagek sibuk pak njenengan?
<b>N.1</b>	Mboten, mung pun leren og, niki og
<b>P</b>	Saking tegal juga?
<b>N.1</b>	Mong wonten mriku, Enten etan ngomah niki kok, ngeh kulo tak wisoh-wisoh riyen.
<b>P</b>	Ngapunten ngeh pak, ngrepotin
<b>N.1</b>	Alah mboten nopo nopo, mong niku ngeh tiyang sepuh niku diadakan pajupat niku
<b>P</b>	Nopo pak?
<b>N.1</b>	Pajupat

<b>P</b>	Pa-ju-pat?
<b>N.1</b>	Iya pajupat, pajupat namanya adzan disetiap sudut desa. Adzan setiap sudut desa, dadi yho setiap sudut desa diadakan adzan. Itu setelah itu, penyakit semakin reda ngoten. Lha niku cerita singkat ngoten niku. tapi awal mulane kulo piyambak ngeh mboten ngertos, awal mulane. Babe setelah diadakan pajupat adzan disetiap eee pojok desa itu semakin reda gitu,
<b>P</b>	Itu dilakukan setiap hari nopo waktu tertentu pak?
<b>N.1</b>	Setiap malam, yho...yho waktu tertentu tapi yang melakukan itu tuju malam, jadi jam 12 malam itu adzan disetiap sudut desa, setelah itu ya itu semakin reda-semakin reda. Hingga sekarang sudah ngak ada lagi. Yang sekarang ada tapi ya korona itu.
<b>P</b>	Nek teng mriki anu ngeh pak ngeh, nopo agama islame ngeh lumayan
<b>N.1</b>	ngeh mriki mayoritas Islam, tur juga mayoritas NU. Semua melakukan yang agamanya Islam tapi ya melakukan, melakukan yho syarat rukun yho sholat lima waktu itu pasti, tapi yang agamanya lainnya ngak ada. Walaupun ada ya satu dua tapi mungkin ke angkat di sini. Soale disini udah mayoritas NU, ngak ad agama lain yang masuk.
<b>P</b>	Kalo misalnya ini pak, namanya juga orang jawa ya pak, kebudayaan jawanya gimana pak masih kental ngak pak? Misalnya pake pitungan gitu-gitu?
<b>N.I</b>	Masih itu masih
<b>P</b>	Contohnya pak misalnya?
<b>N.I</b>	Kalo menandur, kalo nandur nanam, itu juga pake pitung sebagian lho, tapi sebagian. Sebagian yho ngak pake pitung yho ngak tau, tapi yho yang tau yho pake pitung. Misalanya hari rabu itu harus menghadap keselatan gitu
<b>P</b>	Pas nanem gitu?
<b>N.I</b>	Ya, tapi ngunduhnya ya juga, kalo ngunduh itu pasti diambil yang genap, pitungnya yang genap, tapi kali nanamnya, diambil pitung yang ganjil.
<b>P</b>	Pitung itu maksudnya?
<b>N.I</b>	Pitung, pitung niku (suara tidak jelas), mungkin niku turunan dari wali Syeh Siti Jenar. Sek niki kan wali mek songo, tapi kan aslinyakan ya ada sepuluh tho, ditanah Jawa. Tapi Syeh Siti Jenar itu karena dia itu menyimpang dari agama, mengaku dia itu lebih hebat karena apa-apa kan mandi itu, akhirnya ceritanya itu dibunuh wali Sembilan gitu menimbulkan kemusrikan gitu, tapi itu sudah menjalar untuk masyarakat umum jadikan ngak bisa dihapus kan gitu. Sudah ee.. istilahnya muridnya itu sudah banyak gitu lho tapi ngak bisa dihapus, yho memang klenik itu yho okeh mujarabe mbak, okeh mandine memang gitu. Tapi ya katah-katahe uwong niku ngeh sok ngendelne klenike sok nyekutokne gusti Allah ngeten, dadi musyrike niku wonten niku. Ya segala sesuatu ya memang dari Allah ya ada perantarane ngoten tho, gitu.
<b>P</b>	Jadi contohnya misal mau nanem itu harus hari rabu?
<b>N.I</b>	Yho ngak harus hari Rabu, itu hanya cuma contoh
<b>P</b>	Meng contoh, jadi misal nanti pas nanem hari rabu jadi pas panen juga hari rabu?
<b>N.I</b>	Ngak, misale hari rabu itu hari Rabu kliwon itu ada 15, pitunge ada 15. Lha iku nek ngunudhe niku kan sak ora-orane yho dino sak duwure 15

	niku ngoten, setu pahing itu ada 18, paling tinggi itu petung ada 18. Paling engak ngunduhe diatas 15, ngunduhe. Tapi itu ya suatu keyakinan saja semua yang menetapkan kan Allah, ngeh tho. Tapi ukh-ukihe mriki ngeh ngoten niku
<b>P</b>	Itu pak kan ini deket sama gunung merapi, kinten-kinten enten pagar desa mboten?
<b>N.II</b>	Ini rencana ada, ada tolak bala.
<b>P</b>	Niku rituale di, saking turun menurun nopo?
<b>N.II</b>	Iya turun temurun tapi nanti kan dikelompok-kelompok, nanti kan mriki piyambak gadah kelompok adat kendurenan, lha niku kan mangene ngeh wonten mriki. Terus lingkungan mriki kan wonten tigo, ngen musola niku kaleh kilen piyambak. Nah mengkeh diadakan setiap kelompok-kelompok
<b>P</b>	Tata careanya pak gimana?
<b>N.II</b>	Acaranya ya zikir tahlil, dan untuk dikhususne niku yho wali karo nabi, sing jelas ngeh niku, niku mboten keru niku. Peng kaleh ngeh, si mbah kyai petruk, karo si mbah Sapu Jagad sak panunggalane. Ngoten niku, niku di khususne zikir fatihah ngoten. Ngeh terus kenduren sami dipun dahar sareng-sareng.
<b>P</b>	Kendurene niku bancaan ngoten?
<b>N.II</b>	Ngeh
<b>P</b>	Isine, gudangan nopo..?
<b>N.II</b>	Ngeh gudangan, yho biasane gudangan, kaleh pangang buto mbak
<b>P</b>	Pangang buto niku nopo?
<b>N.II</b>	Pangang Buto niku tempe bungkil, niku disunduk ngoten ngeh ngoten niku.
<b>P</b>	Tempe bentel?
<b>N.II</b>	Ngeh, eh tempe bungkil. Tempe bungkil disunduk ngoten. Niku nganune pangang buto.
<b>P</b>	Tempe bungkil niku ngeh koyo tempe-tempe biasa niku pak?
<b>N.II</b>	Ngeh tempe biasa, tapi dibakar, niku syarate untuk mbah Kyai Petruk ngoten. Kaleh biasane kaleh jadah bakar, kaleh wedang kopi niku pirantine kaleh Mbah Petruk.
<b>P</b>	Kok mbah petruk niku dijadikan icon gimana pak?
<b>N.II</b>	Mbah petruk niku, kan sing nguasai gunung mriku, sing mangon wonten mriku. Asline mbah petruk saking Cepogo niku. riyen turine saking Cepogo. Lha niku kan terus, lungu ilange ngeh wonten gunung mriku. Cerita panjang niku katah, ning ngeh singkate ngoten niku. tapi niku ngeh mabah eyang Sapu Jagad juga ada disitu, simbah Bibi, nek simbah Bibi niku yang dibelakang, yang paling sepuh, paling tua. Itu di depan itu mbah Bibi. Itu mbah Rogosasi, niku mbah sing mangon wonten Tumang.
<b>P</b>	Tumang niku daerah?
<b>N.I</b>	Tumang niku Cepogo
<b>P</b>	Ohh nama daerah, namanya Tumang
<b>N.I</b>	Ngeh
<b>P</b>	Kalo misalnya tolak bala niku, setiap Merapi koyo ngeten, maksute erupsi koyo ngoten niki nopo, sebelum ngeh selalu rutin pak?
<b>N.I</b>	Ngeh mboten mesti kok, tergantung mengkeh masyarakat niku kedah



	pripun ngoten. Mriki kan wonten sesepuh agama ada, pak Sholikin, pak Sholikin niku, ngen mejid niku
<b>P</b>	Niku pun sepuh pak, kinten-kinten umure pinten?
<b>N.I</b>	Dereng sepuh tapi, niku tokoh agama. Tokoh agama mriki, jadi nanti kalo pak sholikin itu bilang tolak bala, yho masyarakat ya melakukan tapi kalo mboten yho mboten nglakokne ngoten. Tapi riyen-riyen ngek dereng pak Sholikin, juga melakukan tolak bala. Namannya ihtiar tho mbak, kan ngeh minta keselamatan itu. Disini itu walaupun merapi meletus, mesti dak pernah kena. Walaupun kena itu hanya debu aja, tapi ndak pa-pa. tapi yang kena itu pasti di ujung barat atau di selatan itu pasti kena. Daerah Jogja, Magelang itu pasti kena. Tapi disini ngak pernah, ya Cuma debu itu. Tapi ya debunya seberapa ngoten, tapi yang dua ribu sepuluh itu yho kandel debunya. Semua orang ngungsi, tapi misal mengungsi yho ngak apa-apa. Tapi yan mengikuti aturan pemerintah gitu. Akhirnya kita gungsi di Boyolali, di gor niku.
<b>N.I</b>	Biyen ceritane bapak kulo riyen, niku bapak kan pernah ngaloki tho niku, nglakoni. Nglakoni bab e nek zaman biyen, nek coro sak iki kan wudu, nek coro sak niki ngeh. tapi nek coro sakniki kan ngeh do udoh mbak. Dadi lepas pakaian sing nglakoni, kui yho ngerti barang lembut sing mlaku sing golek barang kui ngerti bapak niku. Lha ngeten, turine enten sing mbeto ancak.
<b>P</b>	Ancak niku nopo pak?
<b>N</b>	Ancak niku anjang sing gawene ngo mikul wong mati niku lho mbak
<b>P</b>	Ohh, kranda
<b>N.I</b>	Ngeh kranda. Yho kronta, ngoten niko. Terus ada yang bawa gentong. Nah iyu kan yang bawa ancak itu entuk-entuk o rak ngoten, jo entuk-jo entuk rak ngoten, turine ngoten niku.
<b>P</b>	Jo entuk-jo entuk pripun pak?
<b>N.I</b>	Maksede sing golek uwong,
<b>P</b>	Emm ngoten,
<b>N.I</b>	Bojone bapak niku ngeh keno kok, niku keno ngoten niku.
<b>P</b>	Berarti ibuke jenegan
